

## Mizajou OSS - 11/9/2020

Chè Fanmi OSS yo,

Nou vrèman kontan pou kòmanse nouvo ane lekòl la ak nou menm epi timoun nou yo! De semèn ki sot pase yo, pwofesè nou yo te patisipe nan plizyè sesyon aprantisaj pwofesyonèl, te kolabore ant pwofesè youn ak lòt epi kreye kominote aprantisaj pwofesyonèl, epi te fasilite premye nan anpil konferans pou fanmi yo. Nou kwè ansèyman ak aprantisaj ap pote plis rezilta ane sila a pou jan likòmanse byen djanm lan.

Men kèk nan sesyon aprantisaj pwofesyonèl gwoup pwofesè nou yo te jwenn yo:

- 2 jou antrènman sou dislekski pou Pwofesè Jeneral ak espesyal nan OSS yo nan preskolè, Entèvansyonis, Pwofesè nan Alfabetizasyon, ak Entèvansyonis nan Premye Faz Alfabetizasyon yo.

Pote èd nan Konferans Fanmi pou moun k'ap jere ka yo.

- Amelyore Enstriksyon a Distans pou Kore Moun ki gen Difiltilte pou Li pou Pwofesè Espesyal OSS yo.

Dirije Klas Konplè Anliy.

Metriz lèkti/Resiklaj Lekti Korije

Atelye Sosyal Emosyonèl pou parapwofesyonèl.

Kore etidyan ki gen yon 504

### Town Hall

Nou vle di nou mèsi tou paske nou te fè yon ti chita ak nou nan reyinyon nou fè chak mwa nan Meri a ayè a, ki te Jedi 10 Septanm 2020 an. Nou ap itilize menm dyapozitiv ki te nan reyinyon ayè a yo (ak kèk ti koreksyon). Nou ap voye kesyon yo ekri ak tout repons yo nan kominikasyon semèn k ap vini an. Pwochen reyinyon Meri an ap fèt nan mwa Oktòb anvan kòmansmanaprantisaj an pèsòn la

### Rapèl Konferans Fanmi yo

- Konferans Fanmi OSS yo toujou ap fèt. Nou ap gen pou nou tandè moun ki la pou jere ka yo nan yon titan. Konferans fanmi yo ap kontinye fèt pandan tout semèn k'ap vin an. ● Nou ap gen chans pataje eksperyans pitit nou yo fè ak aprantisaj a distans lan nan prentan ak ete a
- Nou ap wè **yon pwojè** sou plan a distans lan. Yon kopi pwojèsa a ak yon ti nòt ekriap vin jwenn nou soti sou 7 rive 10 jou apre reyinyon an sou Aspen swa nan bwat lèt nou.

### Responsab Dosye yo

- Si ou gen yon timoun ki gen yon kòmansman Espesyal, epi yo pa jwenn okenn kominikasyon nan men Jesyonè Ka pitit ou a, souple kontakte Elizabeth Rollins, Pwofesè An Tèt pou

Pwogram Espesyal yo nan [erollins@cpsd.us](mailto:erollins@cpsd.us) oswa Heather Francis, Pwofesè An Tèt pou Pwogram Espesyal yo nan [hfrancis@cpsd.us](mailto:hfrancis@cpsd.us).

- Si ou gen yon timoun nan Klas Apre Gradyasyon, epi ou pa janm jwenn kominikasyon nan men Jesyonè Ka pitit ou a, souple kontakte Antèt Ekip lekòl la. Si pou bezwen non oswa kontak moun ki Antèt Ekip lekòl la, tanpri ale vizite paj [Anyè Biwo Sèvis Elèv \(Office of Student Services Directory\)](#) yo.

### **Sèvis Transpò Ekstèn Distri a**

- Biwo Sèvis pou Elèv yo gen bezwen enfòmasyon nan men fanmi a ak lekòlla anvan yo planifye transpò a. Si ou poko fè sa a, tanpri ekri Espesyalis Sèvis Etidyan nou yo, Janet nan [jsnedeker@cpsd.us](mailto:jsnedeker@cpsd.us). Sa ap pran *omwen* twajou pou transpò a kòmanse.

### **Aparèy Chromebook/Entènèt**

- Si Chromebook pitit ou a pa byen mache, tanpri ekri nan [helpdesk@cpsd.us](mailto:helpdesk@cpsd.us).
- Si pitit ou an bezwen yon Chromebook oswa entènèt, tanpri fè responsab dosye pitit ou an konnen sa nan konferans lan. Tout demann aparèy ap pase nanadministrasyon Kontak Fanmi yo.

An Kolaborasyon,

Alexis K. Morgan, Ed.L.D.

Asistan Direktè, Biwo Sèvis Elèv yo

Lekòl Piblik Cambridge (Cambridge Public School)